




# Estanda Obligatwa sou sekirite MA

Yo ankouraje legliz yo pou òganize sèvis yo vityèlman oswa deyò ak pou asire ke patisipan yo ki pa soti nan menm kay espase nan omwen 6 pye apa. Lè yap fè sèvis, legliz yo dwe konfòme avèk egzijans ki annaprè yo.

## ESTANDA OBLIGATWA SOU SEKIRITE



### DISTANS SOSYAL

Pou sèvis anndan yo, plas adorasyon yo dwe kontwole antre ak sòti manm yo ak limite okipasyon an toutan nan piwo nan sa ki annaprè a:

- 50% nan maksimòm okipasyon etablisman an ki otorize jan li dokimante nan dosye pèmi okipasyon l avèk depatman biling minisipal oswa lòt detantè dosye minisipal
- Etablisman yo ki pa gen limit pèmi okipasyon otorize nan dosye a ka kite 10 moun (sa ki gen ladan) pou chak 1,000 pye kare espas aksesib
- Nan nenpòt ka, okenn espas fèmen nan etablisman an ka depase okipasyon 10 moun pou chak 1,000 pye kare
- Tout okipan yo konte e kalkil yo ta dwe enkli patisipan, anplwaye, ak lòt travayè yo
- Patisipan yo ki pa fè pati nan menm fanmi an dwe chita omwen 6 pye apa. Manm yo ki nan menm fanmi an gen otorizayon pou chita ansanm ak mwens pase 6 pye apa.

Si gen plas fiks, yo ta dwe bloke ranje yo epi kenbe yo vid pou pèmèt ase distans ant ranje yo

Tout patisipan ak pèsonèl la dwe mete mask oswa kouvri figi yo annakò avèk òdonans 31 ak [gid depatman sante](#) sou COVID-19 pandan ou andedan ak pandan wap antre ak sòti nan legliz (kay adorasyon) oswa otreman pandan wap patisipe nan sèvis an-pèsos, sof lè yon moun pa anmezi pou mete yon mask oswa kouvri figi akoz yon kondisyon medikal oswa andikap

Yon dirijan oswa selebran ki angaje nan fè sèvis la oswa kap pran lapawòl ka retire kouvèti figi lè lap fè sa a, a kondisyon ke li anmezi pou kenbe yon distans nan omwen 6 pye de lòt moun yo ki prezan; enstaalasyon linèt pwoteksyon plexi oswa lòt baryè transparan ki rekòmande pou podyòm oswa lòt pwen pou pran lapawòl

Pou timoun yo ki gen laj 2 ak 5 ane, mete yon mask oswa kouvri figi se nan diskrsyon paran oswa gadyen yon timoun. Timoun yo ki anba laj 2 ane pa ta dwe mete yon mask oswa kouvri figi

Yon moun ki refize pou mete yon mask oswa kouvri figi akoz yon kondisyon medikal oswa andikap pa p gen obligasyon pou bay dokiman ki verifye kondisyo an

### Rekòmande pi bon pratik yo

Si posib, yo ankouraje legliz (kay adorasyon yo pou fè aranjman anliy pou enskripsyon pou sèvis yo alavans nan fason pou kontwole ak limite kantite patisipan yo.

Yo ankouraje legliz (kay adorasyon) pou mete adeziv oswa lòt makè distans vizyèl sou chèz yo pou delimité separasyon 6 pye ak pou afiche siy ki endike kantite moun maksimòm ki otorize pa ranje

Ankouraje vantilasyon pou espas ki fèmen yo lè sa posib. Pa egzanp considere ouvè pòt ak fenèt pou otorize sikilasyon lè Legliz (kay adorasyon) yo ka refize kite antre yon moun ki refize mete yon mask oswa kouvri figi pou rezon ki pa medikal

Yo ankouraje legliz (kay adorasyon) yo pou pran mezi pou ankouraje disiplin lè yap antre ak soti nan sèvis yo nan yon fason ki ankouraje distans sosyal. Pa egzanp

- Yo ta dwe afiche siy oswa makè atè a nan koulwa yo nan yon sans inik oswa otreman mande patisipan yo pou swiv sèten direktiv pou antre ak soti nan sèvis la
- Si yo fòme yon liy deyò sèvis la, yo ta dwe mande moun kap rete tann yo pou egzèse distans sosyal. Yo ta dwe mete adeziv oswa lòt makè deyò lokal legliz (kay adorasyon) pou ankouraje patisipan yo kenbe distans sosyal nan omwen 6 pye
- Pèsonèl la ta dwe mande moun yo ki nan gwo trafik pou ede kenbe distans sosyal
- Ofisyen oswa lòt pèsonèl yo ta dwe òdone sòti siksesif, ranje pa ranje



### PWOTOKÓL IJYÈN

Legliz (kay adorasyon) ap asire ke patisipan ak travayè yo gen aksènan etablisman lave men, sa ki gen ladan savon ak dlo, ak akòde travayè yo ase tan poz pou lave men, jan sa nesesè. Yo ankouraje yo tou pou fè dezenfektan pou men a baz alkòl avèk omwen 60% alkòl disponib, si posib



# Estanda Obligatwa sou sekirite MA

## ESTANDA OBLIGATWA SOU SEKIRITE



### PÈSONÈL & OPERASYON

Plas adorasyon yo pral kominike bay manm ak travayè yo ke yo pa ka vini asiste sèvis an-pèsou si nenpòt nan sa ki annaprè a se laverite:

- Manm oswa ravayè a kap eksperimente sentòm tankou lafyèv (100.0 ak piwo) oswa frison, tous, souf kout, malgòj, fatig, maltèt, kò fè mal/misk, nen koule/konjesyon, nouvo pèt gou oswa sant, oswa kè plen, vomisman oswa dyare
- Manm oswa travayè a te genyen "kontak pwòch" avèk yon moun ki dyagnostige avèk COVID-19. "Kontak pwòch" vle di viv nan menm kay avèk yon moun ki te teste pozitif pou COVID-19, pran swen yon moun ki te teste pozitif pou COVID-19, ou te nan distans 6 pye de yon moun ki te teste pozitif pou COVID-19 pou 15 minit oswa plis, oswa vini an kontak dirèk avèk sekresyon (egzanp., pataje istansil, ou tap touse) de yon moun ki te teste pozitif pou COVID-19, pandanke moun nan pa gen sentòm
- Doktè oswa yon ofisyèl sante publik lokal te mande travayè a pou l izole l oswa rete an karantèn
- Legliz (kay adorasyon) yo pa pral genyen rasanbleman komen anvan oswa apre sèvis yo (egzanp., èdtan kafe oswa lòt sèvis manje)

Legliz (kay adorasyon) yo ka otorize ti rasanbleman (tankou reyinyon yon gwoup sipò) ki òganize avèk 10 moun oswa mwens

Legliz (kay adorasyon) yo kap jere gad-manje oswa lòt distribisyon manje pre-anbale ka kontinye fè sa

Nenpòt sèvis gadri ta dwe swiv dènye rekòmandasyon sou swen-timoun EEC, disponib sou [sit re-ouvèti EEC](#)

Si yon Legliz (kay adorasyon) aprann ke yon patisipan oswa travayè oswa lòt travayè te teste pozitif pou COVID-19, li pral enfòme Konsèy Biwo Sante lokal (LBOH) nan vil oswa vilaj kote lokal pou adore a lokalize ak ede LBOH jan yo mande l rezonableman pou trase posib kontak ak konseye kontak yo pou izole ak mete tèt yo an karantèn

#### Rekòmande pi bon pratik

Yo ankouraje Legliz (kay adorasyon) yo pou modifye fason yo kolekte nenpòt kontribisyon finansye nan men patisipan yo kidonk pu elime plato kontribisyon pataje ak panye yo ak pou diminye kontak. Konsidere etabli yon metòd san kontak kolekte kontribisyon yo, ak ankouraje kontribisyon pa lapòs oswa mwayen elektwonik

Yo ankouraje Legliz (kay adorasyon) yo pou modifye sèvis komen yo, tankou kominyon oswa pase lapè, kidonk tankou pou limite kontak avèk lòt moun yo. Konsidere distribye, lè sa aplikab, kominyon oswa sakreman ki pre-anbale.



### NETWAYAJ & DEZENFEKSYON

Legliz (kay adorasyon) yo dwe netwaye ak dezenfekte ant chak sèvis, sa ki gen ladan zòn ki gen anpil monte desann ak kote yo manyen anpil yo (egzanp., manch pòt, twalèt, mikwo, enstriman pataje)

Si yon Legliz (kay adorasyon) aprann ke yon moun ki gen COVID-19 te patisipe nan yon sèvis oswa otreman te antre nan legliz (kay adorasyon) an, li pral fè yon netwayaj apwofondi ak dezenfeksyon ki konsistan avèk [gid Sant pou Kontwòl Maladi](#)

Si yon Legliz (kay adorasyon) aprann ke yon patisipan oswa travayè oswa lòt travayè te teste pozitif pou COVID-19, li pral enfòme Konsèy Biwo Sante lokal (LBOH) nan vil oswa vilaj kote lokal pou adore a lokalize ak ede LBOH jan yo mande l rezonableman pou trase posib kontak ak konseye kontak yo pou izole ak mete tèt yo an karantèn.